**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–19.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

संसद विकसित भारत गारंटी फॉर रोजगार आ आजीविका मिशन ग्रामीण विकसित भारत–जी रामजी विधेयक दू हजार पच्चीस पारित कऽ देलक। एहि विधेयक के राज्यसभा काल्हि राति मंजूरी देलक। लोकसभा मे सेहो ई विधेयक काल्हिए पास भेल छल। राज्यसभा मे चर्चा मे ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि जे सरकार राष्ट्र प्रथम आदर्श वाक्यक संग काज कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे गाम सभक विकासक बिना देशक विकास नहि भऽ सकैत अछि।

---

केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह विकसित भारत जी रामजी बिल पर विपक्षक विरोध के लऽकऽ कहलनि जे राहुल गांधी कोनो बातक विरोध कऽ सकैत छथि। ओ पत्रकार लोकनि के जनौलनि जे नव योजना सँ ग्रामीण अर्थव्यवस्था मजगूत होयत। ओतहि कांग्रेस नेता प्रियंका गांधी आरोप लगौलनि जे सरकार विपक्षक बात सुनने बिना एहि बिल के मंजूर करौलक अछि।

---

संसदक दुनू सदनक कार्यवाही आइ अनिश्चितकाल लेल स्थगित कऽ देल गेल। एहि संग उनैस दिनक शीतकालीन सत्र आइ समाप्त भऽ गेल। पहिने लोकसभा के अनिश्चितकाल लेल स्थगित कयल गेल, ओकर बाद राज्यसभाक कार्यवाही स्थगित भेल। लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला समापन भाषण मे कहलनि जे सदनक कार्यवाही करीब एक सय एगारह प्रतिशत रहल। जाहि मे कुल पंद्रह बैसार भेल। ओ सदन के सुचारू रूप सँ चलाबय मे सहयोगक लेल सदस्य लोकनि के धन्यवाद सेहो देलनि।

---

भाजपाक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष नितिन नवीन आगामी तेईस दिसंबर के पटना पहुंचताह। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी जनौलनि जे श्री नवीन हवाई अड्डा सँ रोड़–शो करैत मिलर हाई स्कूल मैदान पहुंचताह, जतऽ हुनक सम्मान मे अभिनंदन समारोहक आयोजन कयल जायत। एहि क्रम मे ओ राजवंशी नगर स्थित हनुमान मंदिर मे पूजा–अर्चना करताह आ इनकम टैक्स चौराहा पर लोक नायक जयप्रकाश नारायणक प्रतिमा पर माल्यार्पण सेहो करताह।

———————————————————

पछवा हवाक प्रभाव सँ राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे ठंढ़ा बढ़ल अछि। आइ सवेरे पटना, समस्तीपुर, जहानाबाद, खगड़िया, सहरसा, दरभंगा, पूर्णियां आ किशनगंज समेत कतेको जिला मे घनगर कुहेस लागल रहल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक तीस सँ बेसी जिला मे घनगर कुहेस लागल रहत। ओतहि, एकैस आ बाईस दिसंबर के प्रदेशक अधिकांश भाग मे मध्यम अथवा घनगर कुहेस लागल रहबाक संभावना अछि। कुहेसक कारणे हवाई आ रेल यातायात प्रभावित भऽ रहल अछि। पैघ दूरक ट्रेन निर्धारित समय सँ बेसी विलंब सँ चलि रहल अछि। रेलवेक अनुसार करीब साठि ट्रेन पांच घंटा विलंब सँ चलि रहल अछि। यात्री लोकनि के यात्रा सँ पहिने जनतब लेबाक सलाह देल गेल अछि।

———————————————————

एहि मध्य बढ़ैत ठंढ़ा आ कुहेस के देखैत स्कूल सभक संचालन समय मे परिवर्तन कयल गेल अछि। पटना मे निजी आ सरकारी समेत प्री स्कूल आ आंगनबाड़ी केन्द्र सभ मे पठन–पाठनक काज सवेरे नओ बजे के बाद आ सांझ साढ़े चारि बजे सँ पहिने होयत।

———————————————————

झंझारपुरक सांसद रामप्रीत मंडल रेल मंत्रालय सँ लौकहा सँ पटना धरि रात्रिकालीन ट्रेन चलेबाक आ सीतामढ़ी–नव दिल्ली अमृतभारत एक्सप्रेस ट्रेन के लौकहा धरि विस्तार करबाक मांग कयलनि अछि। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव के लिखल पत्र मे ओ लौकहा स्टेशन पर स्वीकृत वॉशिंगपीट के शीघ्र शुरू करबाक मांग सेहो कयलनि अछि।

———————————————————

नालंदा जिलाक राजगीर मे आइ सँ तीन दिवसीय राजगीर महोत्सव शुरू भेल। महोत्सव मे सांस्कृतिक कार्यक्रम आ खेल प्रतियोगिताक आयोजन भऽ रहल अछि।

———————————————————————

आगामी सत्ताईस आ अठाईस दिसंबर के अंतर्राष्ट्रीय मैथिली सम्मेलनक आयोजन नेपालक विराट नगर मे होयत। कार्यक्रमक तैयारी पूरा कयल जा रहल अछि। सम्मेलन मे मैथिली साहित्य पर चर्चा समेत मिथिला आ मैथिली सँ संबंधित विभिन्न विषय पर विमर्श कयल जायत। कार्यक्रमक पहिल दिन कवि सम्मेलनक आयोजन सेहो होयत।

———————————————————————

गोपालगंज जिलाक ऐतिहासिक सिद्धपीठ थावे मंदिर मे देवीक आभूषण आ लॉकर के चोरी हेबाक मामिला मे एखन धरि कोनो गिरफ्तारी नहि भेल अछि। सारण डीआईजी नीलेश कुमार चोर सभक फोटो जारी करैत कहलनि जे हिनका सँ संबंधित जनतब देबऽवला के एक लाख टाका ईनाम देल जायत।

———————————————————————

समाप्त